

BAB III

MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain dina ieu panalungtikan nyaéta “*One Group Pretest and posttest desain*”. Dina ieu desain panalungtikan, tes dilakukeun dua kali nya éta saméméh ékspérimén disebut *pretest* (O_1), jeung sabada ékspérimén disebut *posttest* (O_2). Ku kituna hasil panalungtikan bisa katinggali leuwih akurat. Bédana antara O_1 jeung O_2 nya éta $O_1 - O_2$ dihartikeun minangka éfék tina *treatment* atawa ékspérimén (Arikunto, 2013, kc. 124). Desain panalungtikan katitén di handap.

Tabel 3.1
Rancangan Ékspérimén

Grup	Pre-test	Perlakuan	Post-tes
Ékspérimén	O_1	X	O_2

Arikunto (2013, kc. 78)

Keterangan:

O_1 : nilai tes awal (pratés)

X: perlakuan maké modél pangajaran *Experiential Learning*


O_2 : nilai tes ahir (pascatés)

3.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun ajaran 2016/2017. Anu jumlah siswana 20 urang siswa awéwé jeung 10 urang siswa lalaki. Cara nangtukeun sumber datana maké *purposive sample*, nya éta sumber data ditangtukeun langsung ku panalungtik. Ieu panalungtikan didasaran lantaran kurangna kamampuh nulis karangan éksposisi. Ditilik tina harti adeganana, tanaga panalungtik jeung waktu anu kawatesanan tangtu moal sakabéh kelas bisa ditalungtik. Ku kituna, ditangtukeun siswa kelas IX 3 salaku sampel data dina ieu panalungtikan.

3.3 Prosedur Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun métodeu kuasi eksperimen, anu tujuanna pikeun nguji éféktif henteuna modél *experiential learning* dina pangajaran nulis karangan éksposisi. Prosedur dina ieu panalungtikan ébréh dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1

Posedur Panalungtikan

Panalungtikan maké ieu modél dilaksanakeun ngaliwatan *Pretest* jeung *Posttest*, nganalisis data jeung nyieun kacindekan, dijéntrékeun ieu di handap.

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik konsultasi heula ka guru Basa Sunda kelas IX SMPN 3 Bandung ngeunaan masalah siswa dina nulis karangan éksposisi anu aya dina kompetensi dasar kurikulum 2006 kelas IX dina pangajaran Basa Sunda. Sanggeus dikonsultasikeun, panalungtik nyusun léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun pikeun ngungkulan masalah nulis karangan éksposisi maké modél *Experiential Learning*. Dina ieu panalungtikan aya dua variabel nya éta variabel bebas jeung variabel kauger. Variabel bebas nyaéta variabel anu dipangaruhan ku variabel lianna, sedengkeun variabel kauger nyaéta variabel anu dipangaruhan ku variabel bébas.

Dumasar kana babagian variabel di luhur, variabel bébas (variabel X) dina ieu panalungtikan nyaéta modél pangajaran *experiential learning*, lantaran mangaruhan variabel kauger nyaéta kamampuh nulis karangan éksposisi. Variabel kauger (variabel Y) dina ieu panalungtikan nyaéta nulis karangan éksposisi, lantaran dipangaruhan ku variabel bébas nyaéta modél pangajaran *experiential learning*.

Sanggeus kapanggih masalah pangajaran nulis siswa kelas IX SMPN 3 Bandung. Langsung ngayakeun panalungtikan ka kelas, nyaéta pikeun ngumpulkeun data. Data anu geus aya nya éta data tina hasil pratés jeung pascatés. Sanggeus kitu, tuluy dianalisis ku cara maké rumus-rumus statistik, tuluy dijieun kacindekan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

3.4 Teknik Ngumpulkeun Data

Téknik anu dipake dina ieu panalungtikan nya éta téknik tés. Tés dilaksanakeun dua kali, nya éta *pretest* jeung *posttest*. *Pretest* dilaksanakeun saméméh perlakuan (*treatment*), tujuanna pikeun mikanyaho nulis karangan éksposisi saméméh maké modél pangajaran *Experiential Learning*. Ari *posttest* dilaksanakeun sanggeus perlakuan (*treatment*), tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis karangan éksposisi sanggeus maké modél pangajaran

Experiential Learning. Tés tinulis anu dipaké nya éta tés aplikatif (penerapan) anu dipiharep ayana kamampuh ngalarapkeun pawangeruh teoritis siswa kana kagiatan praktis tur konkrit. Kamampuh aplikatif nya éta kamampuh nulis karangan éksposisi dina suasana anu nyugemakeun anu geus dirancang ku modél pangajaran *Experiential Learning*.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data nyaéta:

1. Ngabagikeun lembaran *pretest* nulis karangan karangan éksposisi.
2. Ngumpulkeun hasil *pretest* nulis karangan karangan éksposisi.
3. Ngujikeun nulis karangan éksposisi maké modél *Experiential Learning*.
4. Ngabagikeun lembaran *posttest* nulis karangan éksposisi.
5. Ngumpulkeun hasil *posttest* nulis karangan éksposisi.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Sugiyono (2016, kc. 102) nétélakeun yén “*Instrumen penelitian adalah suatu alat yang digunakan untuk mengukur fenomena alam maupun sosial yang diamati*”. Jadi, instrumén panalungtikan nya éta hiji alat anu dipaké pikeun ngukur jeung niténan *fenomena* alam atawa sosial.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta lembaran tés tulis. Dina ieu instrumen siswa dipapancéan nulis karangan éksposisi, ari kaédah-kaédahna kieu :

1. Téma karangan bebas.
2. Karangan ditulis maké basa Sunda.
3. Wangun karangan éksposisi.
4. Panjang karangan minimal 3 paragraf.

Dumasar kana téhnisna, ieu panalungtikan maké obsérvasi langsung, nya éta obsérvasi anu dipaké sacara langsung kana objék anu ditalungtik. Ieu tés dilakukeun dua kali, nya éta saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Experiential Learning*.

3.6 Analisis Data

3.6.1 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Kagiatan nganalisis jeung ngolah data salaku cara anu dipaké pikeun meunangkeun jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Data nu diolah jeung dianalisis kaasup kana data hasil kamampuh awal (Praté) jeung hasil kamampuh ahir (pascaté).

Aya sababaraha léngkah anu dilakukeun dina nganalisis data hasil kamampuh awal (prétes) jeung data hasil kamampuh ahir (pascaté).

- 1) Niténan deui karangan éksposisi siswa nu geus dikumpulkeun.
- 2) Mariksa jeung meunteun tulisan karangan éksposisi siswa hasil *pretest* jeung *posttest* siswa dumasar kana kriterian di handap.

Tabél 3.2

Pedoman Skala Meunteun Nulis Karangan Éksposisi

<i>Aspék Penilaian</i>	Skor
Eusi Carita	30
Organisasi karangan	20
Kosa kecap	20
Adegan basa	25
Mékanik (éjahan jeung diksi)	5
Jumlah	100
<i>Nilai</i>	

Tabel 3.3
Kriteria Mentean Nulis Karangan Éksposisi

Aspék Kamampuh Nulis	Skor	Kriteria
(1)	(2)	(3)
Eusi	27-30	Hadé Pisan: sampurna, hartina maham pisan, bisa mekarkeun kecap koncina/ rélevan luyu jeung judul sarta pasualan nu dipedar
	22-26	Cukup-Hadé : maham pisan, bisa mekarkeun kecap koncina luyu jeung judul sarta pasualan anu dipedar tapi kurang lengkep.
	17-21	Sedeng-Cukup : pamahanna kurang, kurang bisa mekarkeun kecap koncina pasualan anu dipedarna heureut.
	13-16	Kurang Hadé : teu maham kana eusi, teu bisa mekarkeun kecap koncina luyu jeung judul sarta teu cukup pikeun diajén.
Organisasi karangan	18-20	Hadé Pisan : éksprési lancar, gagasan nu diungkapkeun jéntré, padet, susunanna geus hadé, runtuyanna logis sarta kohésif.
	14-17	Cukup-Hadé : éksprési kurang lancar, kurang <i>terorganisir</i> , tapi ide utamana bisa katingali, kawatesan bahan pangrojongna, runtuyanana logis tapi teu lengkep.
	10-13	Sedeng-Cukup : éksprési teu lancar, gagasan teu jéntré, kapotong-potong, runtuyan sarta mekarkeun teu logis.
	7-9	Kurang Hadé :henteu komunikatif, teu <i>terorganisir</i> , teu cukup pikeun diajén.
Kosa Kecap	18-20	Hadé Pisan : jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecap na merenah, sarta ngawasa pisan pangwangunan kecap.
	14-17	Cukup-Hadé : kurang jembar, kecap éféktif, milih kecap jeung ngungkapkeun kecapna kadang-kadang teu merenah tapi teu

		ngaganggu.
	10-13	Sedeng-Cukup : sedeng, kurang éféktif, kawatesan dina milih kekecapan sarta maké kosa kecapna mindeng salah nepi ka ngabalukarkeun salah ma'nana.
	7-9	Kurang Hadé : teu éféktif, asal-asalan dina milih kekecapanna, kurang pangaweruh ngeunaan kosa kecap atawa kurangna kabeungharan kecap, teu cukup pikeun diajén.
Adegan Basa	22-25	Hadé Pisan: ngawasa pisan tata basa, sautik kasalahanna dina maké jeung nyusun kalimah sarta kekecapanna.
	18-21	Cukup-Hadé : konstruksi basajan tapi éféktif, saeutik kasalahan tata basa, teu ngaleungitkeun ma'na.
	11-17	Sedeng-Cukup : hésé dina maké jeung nyusun kalimah basajan, kasalahan tata basa, ma'nana teu puguh (ngabingungkeun).
	5-10	Kurang Hadé : teu ngawasa kana aturan sintaksis, loba kasalahan tata basa, teu komunikatif, teu cukup pikeun diajén.
Mékanik	5	Hadé Pisan : ngawasa aturan panulisan, tapi aya sababaraha kasalahan éjahan, tulisan kabaca tur rapih.
	4	Cukup-Hadé : kurang ngawasa aturan panulisan, kadang-kadang aya kasalahan éjahan tapi teu ngarobah ma'na, tulisan kabaca rada rapih.
	3	Sedeng-Cukup : kurang ngawasa aturan panulisan, sering kajadian salah éjahan, ma;nana teu puguh, tulisan rada kabaca tapi teu rapih.
	2	Kurang Hadé : henteu ngawasa kana aturan panulisan, loba kasalahan éjahan, tulisanna hésé dibaca, teu rapih teu cukup pikeun diajén.
Jumlah		34-100

Harfield (dina Kuswari, 2010, kc 182)

Keterangan

- a) Kualitas lingkup jeung eusi, mariksa jumlah gagasan dina tulisan nu disusun ku siswa.
 - b) Organisasi jeung tampilan eusi, ide nu aya dina runtuyan kalimah-kalimah nu sinambung.
 - c) Kosa kecap, maké kalimah nu éféktif jeung kekecapan nu merenah sarta basa nu bener.
 - d) Éjahan, dipuseurkeun kana maké huruf kapital, ngamimitian nulis, maké awalan, motong engang, sarta maké tanda baca.
 - e) Karapihan tulisan atawa tampilan fisik nya éta tulisan hasil siswa nu jelas tur kabaca.
- 3) Méré peunteun hasil *pretest* jeung *posttest* siswa dina nulis pangalaman pribadi.
 - 4) Hasil peunteun ahir siswa ti *penilai 1* jeung *penilai 2* diasupkeun kana tabél ieu di handap.

Tabél 3. 4

Format Peunteun Tés Nulis Karangan Éksposisi Siswa Kelas IX 3 SMPN 3

Absén Siswa	Aspék Peunteun ti P1 jeung P2															N
	A			B			C			D			E			
	P1	P2	R	P1	P2	R	P1	P2	R	P1	P2	R	P1	P2	R	
S01																
S02																
S03																
.....																
Σ																

Keterangan:

- A : Eusi Carita
 B : Organisasi karangan
 C : Kosa kecap
 D : Basa
 E : Mékanik (éjahan jeung diksi)
 N : Nilai
 P1 : Pangajén 1
 P2 : Pangajén 2
 R : Rata-rata
 Σ : Jumlah

Satuluyna, éta *nilai mentah* diolah pikeun niténan rata-rata kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3.

Tabél 3.5

Rata-rata Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi Siswa kelas IX 3

Absén Siswa	Aspék penilaian					Nilai	Keterangan
	A	B	C	D	E		
S01							
S02							
S03							
.....							
Σ							
X							

Keterangan:

- A : Eusi Carita
 B : Organisasi karangan
 C : Kosa kecap
 D : Basa
 E : Mékanik (éjahan jeung diksi)
 N : Nilai
 Σ : Jumlah skor
 X : Rata-rata

Katégori: $\text{penteun} \geq 75$, siswa dianggap mampu nulis karangan éksposisi.

$\text{penteun} < 75$, siswa dianggap can mampu nulis karangan éksposisi.

Data anu ditabulasikeun dipaké pikeun nguji hipotésis kalayan ngagunakeun analisis statistik anu ngawengku uji sipat data, uji gain, jeung uji hipotésis.

3.6.2 Uji Sifat Data

3.6.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas miboga udagan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal. Pikeun nangtukeun yén éta data miboga sipat normal atawa henteu bisa maké rumus *chi* kuadrat (X^2). Dina nguji normalitas, aya sababaraha léngkah anu kudu dilakukeun, nya éta:

- 1) ngitung rentangan (r)

$$r = X_{\text{maks}} - X_{\text{min}}$$

r = rentang

X_{maks} = skor panggedéna

X_{min} = skor pangleutikna

(Djiwandono, 2011, kc. 220)

- 2) ngitung jumlah kelas (k)

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

k = lobana kelas

n = lobana data (frékuénsi)

3,3 = bilangan konstan

(Sugiyono, 2013, kc. 35)

- 3) nangtukeun panjang kelas (p)

$$p = \frac{r}{K}$$

p = panjang kelas (Interval Kelas)

r = rentang (jangkauan)

K = lobana kelas

(Sugiyono, 2013, kc. 37)

4) nyieun tabél distribusi frékuénsi pratés jeung pascaté

Tabél 3. 6

Frékuénsi *Pretest* jeung *Posttest*

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
Σ						

Katerangan:

 f_i : frékuénsi pratés x_i : frékuénsi pascaté Σ : jumlah

(Sugiyono, 2013, kc. 54)

5) ngitung rata-rata (*mean*) peunteun Pratés jeung pascaté

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Katerangan:

 \bar{x} : rata-rata nilai tés (mean) $\sum f_i x_i$: jumlah subjék (data) dikali nilai tengah $\sum f_i$: jumlah subjék (data)

(Sugiyono, 2013, kc. 54)

6) néangan standar déviasi maké rumus

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

 $\sum f_i x_i^2$ = jumlah frékuénsi nilai

$(f_i x_i)^2$ = jumlah frékuénsi nilai x kuadrat

n = jumlah subjék panalungtikan

(Sugiyono, 2013, kc. 58)

7) nyieun frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi. Anapon léngkah-léngkahna nya éta:

(a) nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung ékspéktasi

Tabél 3.7

Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas Interval	O_i	BK	Z	$Z_{\text{Tabél}}$	L	E_i	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
Σ							

(b) nangtukeun kelas frékuénsi obsérvasi (O_i)

(c) nangtukeun batas kelas (BK). Batas kelas mangrupa nilai tepi kelas handap dikurang 0,5 jeung nilai tepi kelas luhur ditambah 0,5.

(d) nangtukeun Z (transformasi normal standar bébas kelas)

$$Z = \frac{Bk - \bar{x}}{SD}$$

Katerangan:

Z : transformasi normal atawa batas kelas handap

BK : batas kelas luhur atawa batas kelas handap

\bar{x} : peunteun rata-rata skor

SD : standar déviiasi

(e) nangtukeun $Z_{\text{tabél}}$.

(f) nangtukeun legana unggal kelas interval (L)

$$L = Z_{\text{itung}} - Z_{\text{tabél}}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 80)

(g) nangtukeun rumus-rumus frékuénsi ékspéktasi

$$E_i = n \times L$$

(Sugiyono, 2013, kc. 81)

(h) nangtukeun nilai chi kuadrat (χ^2)

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 81)

(i) nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sugiyono, 2013, kc. 82)

(j) nangtukeun *chi*-kuadrat tina daftar $\chi^2_{\text{tabél}}$.

(k) nangtukeun normalitas maké kritéria

$$\begin{aligned} \chi^2_{\text{itung}} \leq \chi^2_{\text{tabél}} &: \text{hartina distribusi data normal} \\ \chi^2_{\text{itung}} \geq \chi^2_{\text{tabél}} &: \text{hartina distribusi data teu normal} \end{aligned}$$

3.6.2.2 Uji Homogénitas

Miboga udagan pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua.

- Ngitung variasi masing-masing kelompok.

Variasi *pretes* (S_1^2)

(a) Variasi tés awal

$$S_1^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 57)

(b) Variasi tés ahir

$$S_2^2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 57)

(c) Nangtukeun harga $F_{\text{tabél}}$

$$F = \frac{\text{variasi anu leuwih gedé}}{\text{variasi anu leuwih leutik}}$$

(Sugiyono, 2013, kc. 140)

(d) Ngitung derajat kebebasan (dk)

$$dk = n - 1$$

(Arikunto, 2013, kc. 360)

(e) Nangtukeun F_{tabel}

(f) Nangtukeun homogén henteuna datta dumasar kana kritéria ieu di handap :

Lamun $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabel}}$, hartina variasi sampel homogén.

Lamun $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabel}}$, hartina variasi sampel teu homogén.

3.6.2.3 Uji Gain

Uji gain mibanda tujuan pikeun nangtukeun naha aya bédana antara hasil tést awal jeung tést ahir. Ngaliwatan uji gain bakal meunangkeun gambaran ngeunaan pangaruh digunakeunna modél *Experiential Learning* kana kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung Taun ajaran 2016/2017. Pikeun nguji gain digunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.8

Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi

Absén Siswa	Pretest						Posttest						d	d ²
	Aspék peunteun					P	Aspék peunteun					P		
	A	b	C	d	E		a	B	C	D	E			
S01														
S02														
...														
Σ														
X														

Keterangan:

A : Eusi Carita

B : Organisasi karangan

Heri Anggara, 2017

MODÉL EXPERIENTIAL LEARNING DINA PANGAJARAN NULIS KARANGAN ÉKSPOSIS

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- C : Kosa kecap
 D : Basa
 E : Mékanik (éjahan jeung diksi)
 P : Peunteun
 Σ : Jumlah skor
 d : Uji Gain

Rumusan pikeun ngajawab yén aya béda anu signifikan atawa henteu sabada dibéré *perlakuan*, dirumuskeun ieu di handap.

Ha : $\bar{X}_{pretest} \neq \bar{X}_{posttest}$, hartina kamampuh siswa ngaronjat antara *pretest* jeung *posttest*.

Ho : $\bar{X}_{pretest} = \bar{X}_{posttest}$, hartina kamampuh siswa teu ngaronjat antara *pretest* jeung *posttest*.

3.6.2.4 Uji Hipotésis

Aya sababaraha hal anu kudu dilakukeun dina tahap uji hipotésis

- (a) Ngitung rata-rata (mean)

$$Md = \frac{\Sigma d}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 350)

- (b) Ngitung derajat kabébasan (dk)

$$Dk = n - 1$$

(Arikunto, 2013, kc. 365)

- (c) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 \frac{(\Sigma d)^2}{n}$$

(Arikunto, 2013, kc. 351)

- (d) Ngitung tés signifikasi

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Keterangan:

Md : rata-rata (mean)

n : jumlah subjék dina sampel

$\Sigma x^2 d$: jumlah kuadrat déviasi

t : tés signifikasi

(Arikunto, 2013, kc. 349)

(e) Pikeun nangtukeun hipotésis ditarima atawa henteu, dumasar kana ieu di handap:

H_a :Modél *Experiential Learning* bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi.

H_0 :Modél *Experiential Learning* teu bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi.

Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$ (Hipotesis Ditarima), hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak, dicindekkeun yén modél *Experiential Learning* (ET) bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas IX 3 SMPN Bandung.

Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$ (Hipotesis Ditolak), hartina hipotésis kerja (H_a) ditolak jeung hipotésis nol (H_0) ditarima, dicindekkeun yén modél *Experiential Learning* (ET) teu bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas IX 3 SMPN 3 Bandung.